Coral Springs Elementary
Keandra Fulton
3601 NW 110th Ave,
Coral Springs, FL 33067
754-322-5900
https://coralspringselem.browardschools.com/

Pou Paran oswa Gadyen:

Sijè Lèt la: Apèsi sou Entèvansyon, Sipò ak Sèvis pou tout Elèv

Tout Lekòl Piblik Broward County gen pwosedi an plas pou satisfè bezwen aprantisaj elèv nan domenn etid, kapasite pou lavi & byennèt epi konpòtman fonksyonèl. Chak lekòl ofri yon kad pedagojik ak enstriksyon ki bay elèv yo divès nivo sipò akademik ak sipò konpòtman baze sou bezwen endividyèl chak elèv. Kad pedagojik fè referans a Sistèm Sipò Plizyè Nivo [Multi-Tiered System of Supports (MTSS)].

Nan chak lekòl gen yon komite fòme de pwofesyonèl konni sou non Ekip Kolaboratif pou Rezoud Pwoblèm (Ekip CPS)[*Collaborative Problem-Solving Team (CPS team)*]. Manm ekip la reyini regilyèman pou revwa done ak enfòmasyon ki va sèvi nan priz desizyon pou entèvansyon ak/oswa evalyasyon konsènan bezwen aprantisaj spesifik elèv. Pwosesis rezoud-pwoblèm anglobe plizyè etap; ekip nan chak lekòl itilize etap sa yo pou detèmine jan elèv yo reponn/reyaji a enstriksyon epi entèvansyon lekòl la bay. Apwòch pratik epi sible sa matche entèvansyon ak bezwen aprantisaj elèv yo epi kontwole regilyèman pwogrè yo; se yon apwòch diferan yo rele Repons a Entèvansyon [Response to Intervention (RtI)]. Grasa enfòmasyon ki aksesib, anplwaye lekòl la ap itilize l pou adapte enstriksyon selon nivo aprantisaj konsa sa va ede elèv yo reyisi lekòl.

Patisipasyon ak angajman paran trèz enpòtan pou asire reyisit pwosesis la. Paran jwe yon wòl enpòtan, yo ka ede pitit yo epi ranfòse sa pitit yo ap aprann lekòl. Plis paran patisipe nan aprantisaj pitit li, pitit yo (elèv yo) ap travay pi byen lekòl epi reyisi. Ositou, antanke paran, anplwaye lekòl, selon wòl yo, ka mande yon reyinyon ekip CPS nan lekòl la pou diskite pwoblèm ak enkyetid yo genyen pou elèv la.

Paran ki gen enkyetid sou jan pitit li reponn a enstriksyon epi entèvansyon, oswa paran ki enkyete akòz nenpòt kapasite pou lavi & byennèt oswa pwoblèm kondwit/konpòtman, ta dwe kontakte kontak MTSS oubyen administrasyon lekòl pitit li epi mande yon reyinyon avèk ekip CPS pou revwa aktyèl entèvansyon ak sipò ke lekòl la ap bay elèv la epitou pwogrè elèv la. Paran ki enkyete epi ki vle konnen si pitit li ap fè pwogrè epi ap travay pou reyalize bi akademik ak/oswa konpòtman ki dekri sou plan IEP elèv la, ta dwe kontakte Spesyalis ESE (ESE Specialist) oswa administrasyon lekòl la epi mande yon reyinyon IEP pou revwa aktyèl sèvis lekòl la ap bay elèv la epitou pwogrè elèv la. Sak pi enpòtan, reyinyon sa yo trè pèsonalize epi konsidere bezwen aprantisaj spesifik elèv la.

Chak elèv potansyèlman gen aksè nan divès sipò ak/oswa sèvis, ikonpri ansèyman jeneral: akademik (matyè debaz), kapasite pou lavi & byennèt epi entèvansyon pou konpòtman; sesyon konsèy/terapi (counseling) nan lekòl la, *counseling* nan kominote a; tès evalyasyon pou elèv dwe (Gifted), evalyasyon Section 504, ak evalyasyon pou edikasyon pou elèv esepsyonèl (ESE).

Chak lekòl gen entèvansyon, sipò ak sèvis adapte a bezwen aprantisaj inik elèv yo epitou lekòl la. Pou enfòmasyon spesifik kontakte lekòl pitit ou. Si ou gen kesyon adisyonèl, tanpri kontakte ekip MTSS Distri a nan biwo Office of Academics, telefòn 754-321-2318.

BED<ht/is/07/25>Document translated by the Bilingual/ESOL Department (07/25)

BED<ht/is/07/25>Document translated by the Bilingual/ESOL Department (07/25)